

Domèn sèvis: Corporate Business Services	PWOSEDI AK RÈGLEMAN YALE NEW HAVEN HEALTH SYSTEM (YALE NEW HAVEN HEALTH SYSTEM POLICIES & PROCEDURES)	
Tit: Règleman pou pwogram èd finansye (Financial Assistance Programs Policy)		
Dat yo apwouve li a: 20/09/2013	Apwouve pa: Vis Prezidan Konsèy Dadministrasyon, Finans (Boards of Trustees Senior Vice President, Finance)	
Dat li an vigè: 09/20/2013 01/01/2017 Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital	Dat li te revize/revize: 21/01/2015, 30/09/2016, 16/12/2016, 01/06/2017, 15/07/2018, 12/2/2019	
Distribisyon: Responsab règleman MCN	Kalite règleman (I oswa II): Kalite I	
Ranplase: Pwogram èd finansye pou sèvis lopital nan Yale New Haven Hospital (NC:F-4) (Yale New Haven Hospital Financial Assistance Programs for Hospital Services (NC:F-4)) Pwogram èd finansye pou sèvis lopital nan Bridgeport Hospital (9-13) (Bridgeport Hospital Financial Assistance Programs for Hospital Services (9-13)) Pwogram èd finansye pou sèvis lopital nan Greenwich Hospital (Greenwich Hospital Overview of Financial Assistance Programs for Hospital Services) Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital Charity Care, Èd Finansye, Règleman Free Bed Fund		

OBJEKTIF

Yale New Haven Health System (“YNHHS”) rekonèt ke pasyan yo gen dwa pa kapab peye swen medikal ki nesèsè pou yo san èd finansye. Pou aji an konfòmite ak misyon li, *YNHHS* angaje li pou asire ke yap konsidere avèk atansyon kapasite pou moun lan peye lè yo ap fikse montan ki pou ijans ak lòt sèvis medikal ki nesèsè.

Nan kad pouswit misyon li, *YNHHS* mete sou pye yon pwogram èd finansye, FAP (Financial Assistance Programs, FAP) pou ede moun moun yo avèk peman yo pou swen ijans epi lòt swen medikal ki nesèsè yo. Objektif FAP la se pou:

- (i) Fè konnen tout èd finansye ki disponib nan kad FAP la;
- (ii) Bay enfòmasyon ki klè konsènan kritè kondisyon kalifikasyon pou fè aplikasyon ak metòd pou aplike pou jwenn èd finansye;
- (iii) Dekri baz pou kalkile montan yo chaje pasyan ki kalifye nan FAP la pou swen ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè ; ak

Financial Assistance Programs Policy

- (iv) Dekri mezi lopital *YNHHS* yo pran pou bibliye FAP sa anpil nan kominote *YNHHS* la ap sèvi yo.

APLIKASYON

Règleman sa aplikab pou chak lopital ki gen lisans epi ki afilye ak *YNHHS*, ki gen ladann: Bridgeport Hospital (“BH”), Greenwich Hospital (“GH”), Lawrence + Memorial Hospital (“LMH”) ak Yale-New Haven Hospital (“YNHH”) ak Westerly Hospital (“WH”) (chak se yon ‘’lopital’’).

RÈGLEMAN

I. Lis founisè ak sèvis ki kouvri

- A. **Swen an ijans epi lòt swen medikal ki nesèsè.** Nou aplike FAP *la pou* swen an ijans epi lòt swen medikal ki nesèsè, sa ki gen ladann sèvis pou pasyan an konsiltasyon ak sa ki ospitalize, ke yon lopital ba yo bòdwo. FAP la pa konsidere pwèn sa yo: (a) chanm prive ak sèvis enfimyè prive; (b) sèvis medikal ki pa nesèsè tankou chiriji estetik; (c) frè lòt konfò tankou televizyon oswa frè telefòn, ak (d) lòt rabè oswa rediksyon nan frè ki pa dekri klèman nan règleman sa .
- B. **Lis founisè.** Ou kapab jwenn yon lis founisè ki bay swen an ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè nan yon lopital sou: https://www.ynhh.org/~media/files/ynhhs/forms/financial/011117/ynhh_fap_policy_list_2017.pdf Lis la montre si FAP la kouvri founisè a. Si founisè a pa kouvri nan kad FAP sa a, pasyan an dwe kontakte biwo founisè a pou detèmine si founisè a ofri èd finansye, si li ofri, kisa règleman èd finansye founisè sa kouvri.
- C. **Konfòmite avèk EMTALA.** Lopital yo oblije respekte Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) annakò ak règleman pa yo, epitou li entèdi pou yo patisipe nan aktivite ki ta dekouraje yon moun chèche swen medikal pou ijans.

II. Pwogram èd finansye yo ak kalifikasyon yo

Èd finansye a disponib pou sitwayen ameriken ak moun kap viv nan peyi Etazini ki ranpli aplikasyon obligatwa pou jwenn èd finansye epi ki reponn ak kritè siplemantè nou dekri anba a.

- A. **Swen gratis (Free Care).** Pwogram swen gratis la (Free Care) bay swen gratis ak pasyan yo nan lopital la ki gen revni anyèl fanmi yo pi piti oswa egal ak 250% liy povrete federal la etabli (ale nan [anèks #1](#)). Nenpòt pasyan ki gendwa kalifye pou èd medikal eta a, dapre desizyon lopital la, pral egzije pou genyen dokiman ki detèmine kalifikasyon ki soti nan men eta a nan espas 6 dènye mwa yo.

Anplis *YNHHS* nan non BH, GH ak YNHH itilize zouti yon tyès pati pou ede idantifye moun ki gen balans pou peye ki pa te aplike pou èd finansye a men ki gen revni yo pi piti oswa egal ak 250% nivo povrete federal la (sa vle di ki kalifye pou swen gratis la). Si yo idantifye yon pasyan nan pwosesis sa a, yo kapab pase balans ki pat ko peye nan lopital la kòm swen

charite (gratis).

- B. **Swen ak rabè (Discounted Care).** Si yon pasyan nan lopital la pa gen asirans epi revni anyèl fanmi li twouve li ant 251% - 550% nivo povrete federal la, lopital la pral fè rabè nan frè montan jeneral la (Hospital's *AGB*), (tankou sa defini nan seksyon III anba a ak nan anèks #1 an)
- C. **Lajan ki rezève pou pasyan kalifye (Hospital Bed Funds).** Ou kapab kalifye pou resevwa lajan ki rezève pou pasyan kalifye (hospital bed funds), ki se lajan yo fè lopital la kado pou founi swen bay pasyan nan lopital la. Pa gen pyès limit espesifik sou revni yo pou kapab resevwa lajan ki rezève pou pasyan kalifye yo (hospital bed funds). Donatè yo baze yo sou pwoblèm finansye yo pou detèmine kalifikasyon yo pou chak ka. Yap konsidere otomatikman pou pwogram lajan ki rezève pou pasyan kalifye (hospital bed funds) lan tout pasyan ki ranpli aplikasyon obligatwa pou èd finansye a.
- D. **Lòt pwogram èd finansye ki patikilye ak lopital yo:**
- (i) **Yale New Haven Hospital Me & My Baby Program.** Pwogram sa disponib pou pasyan Yale New Haven Hospital. Li bay swen anvan nesans, sèvis akouchman ak kèk swen apre nesans gratis. Ou kapab kalifye si ou ap viv nan zòn New Haven, si ou pa gen pyès asirans sante epi revni fanmi ou pi piti ke 2 ½ nivo povrete federal la. Pou plis enfòmasyon oswa pou mande yon aplikasyon ale wè reprezantan nou yo nan Yale New Haven Hospital Women's Center oswa rele nan 203-688-5470.
- (ii) **Greenwich Hospital Outpatient Clinic** sèvi pasyan ki gen asirans Medicare, Medicaid oswa asirans ke yo bay pa mwayen Access Health CT ak kote revni fanmi an 4 fwa pi piti pase nivo povrete federal la. Anplis, klinik la bay swen ak rabè bay moun ki pa kalifye pou asirans e ki ap viv nan Greenwich epi kote revni fanmi an 4 fwa pi piti pase nivo povrete federal la. Pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon aplikasyon, tanpri rele nan 203-863-3334.

III. Limit sou frè yo chaje yo- Kantite frè yo chaje pasyan ki kalifye pou FAP yo

Kote ki gen prim pou èd finansye ki pa kouvri ak 100% chaj *YNHHS* pou sèvis la, montan yo chaje pasyan ki kalifye pou èd finansye nan kad règleman sa pap plis pase montan frè jeneral lopital ("*AGB*") yon pasyan ki gen asirans pou kèk swen. *YNHHS* kalkile *AGB* yo pa ane nan lopital ki itilize metòd pou gade sèvis ki te bay (look back method) epi selon to frè sèvis pou Medicare yo, ki gen ladann kou pataje yo pasyan te benefisyè ak tout konpayi asirans prive ki peye dèt ak tout lopital pou ane fiskal ki vin anvan an. *YNHHS* kapab aplike pousantaj rabè lopital la oswa li kapab chwazi pousantaj rabè ki pi favorab pou pasyan *YNHHS*. *AGB* a etabli nan anèks #1 règleman sa.

Jan sa itilize nan dokiman sa, "frè montan jeneral" la ak metòd pou gade sèvis ki te bay (look back method) gen sans yo ki etabli nan kòd revni entèn (Internal Revenue Code) §501(r)(5) and 1.501(r)-5.

IV. Metòd pou ka aplike pou èd

Pou kalifye pou èd finansye a, pasyan an dwe ranpli aplikasyon obligatwa pou mande èd finansye a (“Aplikasyon”). Aplikasyon an genyen (i) disponiblite pwogram FAP la ak kondisyon pou kalifye yo, (ii) dokiman yo egzije pou detèmine kalifikasyon an, ak (iii) kontak pou pran enfòmasyon sou pwogram èd FAP la. Aplikasyon an presize tou (i) ke lopital la ap ekri pou reponn chak aplikasyon yo, (ii) pasyan yo kapab aplike yon lòt fwa ak nenpòt moman dapre FAP la, epi (iii) gen free bed funds anplis ki disponib chak ane. Lopital yo pa kapab refize èd finansye dapre FAP la sou baz ke pasyan pa bay tout enfòmasyon oswa dokiman ke FAP la oswa aplikasyon an pa mande nan kad aplikasyon an.

Lopital *YNHHS* yo pral fè efò ki ase rezonab pou detèmine kalifikasyon ak dokimante nenpòt desizyon kalifikasyon pou èd finansye ki dwe gen nan kont pasyan ki aplike yo.

Yon fwa lopital la idantifye yon pasyan kalifye pou FAP la, lopital la dwe:

- (i) Bay yon fakti ki montre montan moun nan dwe kòm yon pasyan ki nan FAP; sa gen ladann kijan yo detèmine epi deklare montan an, oswa dekri kijan moun nan kapab jwenn enfòmasyon konsènan *AGB* pou swen an;
- (ii) Remèt moun nan nenpòt montan li te peye pou swen ki depase montan ki detèmine ke li responsab pou peye kòm yon moun ki nan FAP, sof si montan sa pa depase \$5, oswa lòt montan IRS fikse; ak
- (iii) Pran mezi ki rezonab pou anile nenpòt aksyon rekouvremant ekstraòdinè.

V. Pa peye –aksyon jidisyè

Yon lopital (nenpòt ajans rekouvremant oswa lòt kote li gen dèt) pa pral angaje li nan nenpòt aksyon rekouvremant ekstraòdinè (“*ECA*”) anvan 120 jou apre yo bay premye relve fakti apre egzeyat la pou swen yo ak anvan yo fè yon gwo efò pou detèmine si pasyan an oswa nenpòt lòt moun ki gen respnablite finansye pou peye pou tèt li kalifye pou èd finansye nan kad FAP la. *Nenpòt* (“*ECA*”) dwe jwenn apwobasyon Vis prezidan Corporate Business Services oswa reprezantan li ki dwe konfime anvan apwobasyon ke yo te respekte egzijans efò rezonab ki nan FAP sa a.

Lopital la pral swiv sik bòdwo A/R la an akò avèk pwosesis ak pratik operasyon entèn yo. Omwen, kòm yon pati nan pwosesis ak pratik yo, lopital la pral enfòmasyon pasyan yo sou FAP la soti nan dat yo founi swen an pou kouvri sik pou bòdwo A/R la oswa (pandan peryòd sa jan lalwa ekzije a, menm si li pi long) pa

1. Tout pasyan ap resevwa yon rezime ak yon fòm aplikasyon pou asistans finansyè nan yon langaj ki klè nan kad FAP la kòm yon pati nan pwosesis admisyon oswa egzeyat nan lopital.
2. Omwen 3 deklarasyon rekouvremant sou kont wap peye ou menm dwe voye pa lapòs oswa voye pa kouryèl nan denyè adrès pasyan an oswa lòt moun ki responsab pou peye (yo); sepandan, ak kondisyon yo pap voye yon deklarasyon siplemantè apre yon moun ki

responsab soumèt yon aplikasyon konplè pou mande èd finansye nan kad FAP la oubyen te peye an plen. Omwen 60 jou dwe pase ant premye ak dènye nan twa kourye ki nesèsè yo. Se obligasyon moun ki responsab la pou li bay yon adrès lapòs ki kòrèk nan moman sèvis la oswa lè depasman an. Si yon kont pa gen yon adrès ki valab, yo ap pran desizyon rezonab an rapò ak sa. Tout deklarasyon kont yon pasyan nan kont lap peye ap gen ladann men pa limite ak sa :

- a. Yon rezime ekzat sèvis lopital ke deklarasyon sa a kouvri;
 - b. Frè pou chak sèvis yo;
 - c. Montan yo egzije pou moun ki responsab la peye an oswa (si yo pa konnen montan an, yon bon estimasyon montan an pa rapò ak premye deklarasyon an; ak
 - d. Yon avi alekri ki byen klè ki ap enfòm moun ki responsab la sou èd finansye ki disponib nan kad FAP la, ki ap gen ladann nimewo telefòn depatman an ak adrès sitwèb kote yo ka jwenn kopi dokiman yo;
3. Yo ap poste omwen yon deklarasyon oswa kouryèl ki gen ladann nòt pou enfòm moun ki responsab la (yo) konsènan ECA ke yo dwe pran si moun ki responsab la pa aplike pou èd finansye nan kad FAP la oswa peye montan frè yo nan dat limit la. Yo dwe bay moun ki responsab la deklarasyon sa 30 jou anvan dat limit yo presize nan deklarasyon an. Ap gen yon rezime nan langaj ki klè kap vin ak deklarasyon sa. Se obligasyon moun ki responsab la pou li bay yon adrès lapòs ki kòrèk nan moman sèvis la oswa lè depasman an. Si yon kont pa gen yon adrès ki valid, yo ap pran desizyon rezonab.
4. Anvan nou kòmanse ak nenpòt ECA, nou pral eseye kontakte moun ki responsab la (yo) nan dènye nimewo telefòn yo te konnen an, si genyen, omwen yon fwa pandan seri deklarasyon yo voye oswa poste yo si kont la toujou pa peye. Pandan tout konvèsasyon yo, pasyan an oswa moun ki responsab la ap jwenn enfòmasyon sou èd finansye ki kapab disponib nan kad FAP la.
5. An konfòmite ak dispozisyon règleman sa a, yon lopital *YNHHS* kapab pran ECA a pou jwenn kòb pou sèvis medikal yo founi jan sa etabli nan Anèks #2 règleman sa a.

VI. Disponibilite règleman

Plizyè kopi FAP la, rezime FAP la nan yon langaj ki klè ak aplikasyon FAP la disponib sou <https://www.ynhhs.org/billing-insurance.aspx>.

Chak lopital mete, sou demann, kopi FAP la disponib, rezime FAP la nan langaj ki klè, ak aplikasyon FAP la, san frè, pa lapòs oswa nan depatman dijans nan lopital la (Hospital Emergency Department) ak nan tout pwen anrejistremant yo sou fòm papyè nan lang angle ak lang matènèl chak popilasyon ki gen limit nan pale angle, ki se kantite ki pi piti a ant 1,000 moun ak 5% oswa plis nan popilasyon lopital la sèvi. Ale nan Anèks #3 pou lis lang yo.

Financial Assistance Programs Policy

Rele Corporate Business Services gratis nan 855- 547-4584 pou jwenn enfòmasyon konsènan kalifikasyon oswa pwogram ki disponib pou ou, pou mande voye pa lapòs pou ou yon kopi FAP la, rezime FAP la nan langaj ki klè, fòmilè aplikasyon FAP la oswa règleman sou frè ak rekouvremant, oswa si ou bezwen yon kopi FAP la, rezime nan yon langaj ki klè, oswa fòmilè aplikasyon FAP la ki tradui nan lòt lang ki pa angle. Anplis, pasyan kapab mande enkrispsyon pasyan (Patient Registration), sèvis finansye pou pasyan ak travay sosyal/jesyon dosye (Patient Financial Services and Social Work/Case Management) konsènan kijan pou kòmanse pwosesis aplikasyon FAP la.

Gen efò anplis kap fèt pou fè anpil piblisite pou FAP la, sa gen ladann ni, pibliye avi nan jounal ki ap sikile yo; bay nòt ekri sou FAP la nan bòdwo yo ; founi nòt sou FAP la nan tout kominikasyon oral ak pasyan yo konsènan montan yo dwe a ak jounen pòt louvri epi lòt seyans pou enfòmasyon.

VII. Komite responsab pou siveyans

FAP la pral gen komite jesyon ak kontwòl ki dirije pa yon vis prezidan, *YNHHS* ak lòt reprezantan ki soti nan Corporate Business Services, sèvis finansye ak relasyon ak pasyan yo epi ekip medikal la kap kontwole li jan sa nesesè. Komite sa pral rankontre omwen chak trimès.

VIII. Konfòmite avèk lwa eta a

Chak lopital dwe konfòme yo ak lwa ki enpòtan nan eta a, sa gen ladann, san okenn limit, lwa jeneral Connecticut ki jere rekouvremant nan lopital pou pasyan ki pa asire e *estanda sou tout eta Rhode Island la pou dispozisyon sou Charity Care (Statewide Standard for the Provision of Charity Care)* ki etabli nan seksyon 11.3 règleman ak règ depatman sante Rhode Island ki gen pou wè ak konvèsyon lopital la (“Règleman RI”) ak *estanda sou tout eta a pou dispozisyon sou swen ki pa peye (Statewide Standard for the Provision of Uncompensated Care)* ki etabli nan seksyon 11.4 Règleman RI a.

REFERANS

Internal Revenue Code 501(c)(3)
Internal Revenue Code 501(r)
Conn. Gen. Stat. § 19a-673 et seq.
RI Regulations 11.3 and 11.4

RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ

YNHHS Billing and Collections Policy (xx)
YNHHS EMTALA Policy: Medical Screening/Stabilization, On-Call and Transfer
Yale-New Haven Hospital Policy – Distribution of Free Care Funds NC:F-2
Greenwich Hospital Outpatient Center Policies and Procedures

Financial Assistance Programs Policy

Anèks #1

250% ak 550% liy povrete federal la (FPG):

	<u>Gwosè fanmi an:</u>	<u>100%</u>	<u>250%</u>	<u>500%</u>	
	1	\$ 12,490	\$ 31,225	\$ 68,695	
	2	\$ 16,910	\$ 42,275	\$ 93,005	
	3	\$ 21,330	\$ 53,325	\$117,315	
	4	\$ 25,750	\$ 64,375	\$141,625	
	5	\$ 30,170	\$ 75,425	\$165,935	
	6	\$ 34,590	\$ 86,475	\$190,245	
Swen gratis (Free Care). Ajoute \$11,050 pou chak manm nan fanmi an ou ajoute					
Swen ak rabè (Discounted Care). Ajoute \$24,310 pou chak manm nan fanmi an ou ajoute					

Montan ki faktire an jeneral (Amounts Generally Billed (AGB):

Pasyan ki kalifye pou èd finansye nan kad règleman sa ap resevwa èd nan akò ak sa ki anba yo :

Tout lopital YNHHS yo:

Revni anyèl fanmi an	% montan rabè sou frè yo	%pasyan an peye nan frè yo
< oswa = 250% FPG	100%	0
> 250% - 550% FPG	69%	31%*

* Pou ane sivil 2019 la, AGB (% frè): BH 34%, GH 31.2%, LMH 39.9%, YNHHS 32.4% ak WH 33%.

Rev. 12 Fevriye 2019

Haitian Creole

Anèks #2

Aksyon rekouvremant ekstraòdinè (Extraordinary Collection Actions):

Poze sele sou pwopriyete.

Yo otorize privilèj nan rezidans pèsònèl sèlman si:

- a) Pasyan an te gen opòtinite pou aplike pou free bed funds epi pa te reponn, te refize, oswa te jije li pa kalifye pou lajan sa;
- b) Pasyan an pa te aplike oswa kalifye pou lòt èd finansye nan kad règleman èd finansye pou lopital (Hospital's Financial Assistance Policy) pou ede li peye dèt li oswa te kalifye an pati men pa peye pòsyon pa li an;
- c) Pasyan an pa te eseye fè oswa jwenn yon akò pou peye, oswa li pa respekte aranjman pou peye a ki te antann ant pasyan ak lopital la;
- d) Balans total ki sou kont la depase \$10,000 epi pwopriyete yo ap bay privilèj la mwens pase \$300,000 lè yo evalye li; epi
- e) Privilèj la pa pral koz yo pran kay pèsònèl la an posesyon.

Anèks #3

Konpetans limite nan lang angle

Albanyen
Arab
Chinwa senplifye
Fransè
Kreyòl fransè (Kreyòl ayisyen)
Alman
Grèk
Hindi
Italyen
Japonè
Koreyen
Pashto
Dari Pèsan
Farsi Pèsan
Polonè
Pòtigè
Kreyòl Pòtigè (Kapvè)
Ris
Espanyòl
Swahili
Tagalog
Tigrinya
Tik
Vyetnamyen